

Asistans transpò

Floridyen ki te afekte nan gwo tanpèt, tònad ak inondasyon ki te fèt 12–14 Avril nan Konte Broward ka kalifye pou asistans FEMA pou repare oswa ranplase yon machin.

Lòt Bezwen Asistans (Other Needs Assistance, ONA) pou Veyikil yo

Lòt Bezwen Asistans (Other Needs Assistance, ONA) FEMA a bay èd finansye apre yon katastwòf pou kouvri depans ki nesèsè yo ak bezwen grav ki pa peye pa asirans oswa lòt sous. Sa ka gen ladan reparasyon oswa ranplasman yon machin. Ou dwe aplike an premye nan FEMA (800-621-3362, [DisasterAssistance.gov](https://www.fema.gov), oswa [aplikasyon mobil FEMA](#)), apres a soumèt yon aplikasyon pou yon prè pou katastwòf nan men Administrasyon Ti Biznis Etazini (U.S. Small Business Administration, SBA). Si yo refize w yon prè, oswa si prè a pa kouvri tout depans yo, yo ka refere w bay FEMA pou konsiderasyon ONA.

Pou asistans pou repare oswa ranplase yon veyikil, domaj la dwe te koze pa katastwòf la epi veyikil la pa dwe ka itilize ankò oswa san danje pou kondwi. Reparasyon kosmetik yo pap kouvri. Lòt kondisyon yo enkli:

- Veyikil la dwe te andomaje nan katastwòf 12-14 avril la epi li dwe te lokalize nan Konte Broward nan moman sa a.
- Asistans anjeneral limite a yon sèl machin. Si gen yon dezyèm veyikil fonksyonèl nan kay la, aplikan an dwe sètifye alekri ke machin ki andomaje a endispansap nan aktivite chak jou fwaye a.
- Veyikil la dwe konfòme ak kondisyon anrejistreman leta ak asirans.
- Moun ki aplike a, ko-aplikan an oswa moun nan kay la dwe posede machin nan oswa gen machin nan sou kontra (pa yon lokasyon).
- Machin ki andomaje a dwe yon kalite machin ki apwouve, tankou yon machin, kamyon, SUV oswa Van.
- Kantite lajan yo bay la pou reparasyon oswa ranplasman an baze sou degre nan domaj ak kantite lajan eta a te detèmine pou reparasyon maksimòm ak valè ranplasman.

Dokimantasyon

- Dokimantasyon ki obligatwa pou konsiderasyon an, gen ladan, men se pa sa sèlman:
 - Prè kontra asirans ki montre ki kalite kouvèti oswa prè machin ki satisfè egzijans eta a
 - Règleman founisè asirans oswa deklarasyon ke kouvèti asirans la pa egziste, pou reparasyon machin nan



FEMA

- Yon estimasyon verifyab, bòdwo, oswa resi ki konfime domaj la te koze pa dezas la, ak frè travay ak pyès/ranplasman. Pou ranplasman machin nan, dokiman anplis nesesè pou jwenn nan men leta oswa gouvènman lokal la ki konfime ke machin nan te rekipere apre katastwòf la.